



Chè Paran/Gadyen:

Nou trè kontan ke ou eksprime enterè pou Camp Erin ® South Florida!

Camp Erin se yon kan ki gratis ki la pou ede avèk chagren pou timoun ki ap soufri dèy lanmò yon moun ki enpòtan nan lavi yo. Timoun piti avèk adolesan ki genyen ant' 6 zan a 17 an ap patisipe nan yon eksperyans nan kan ki kombine sipò yap jwenn pou dèy la, avèk aktivite yo pral fè nan kan ki amizan. Pwofesyonèl nan koze dèy avèk benevòl ki atansyone dirije kan an, e konsa, Camp Erin founi yon anviwònman ki sen pou timoun, adolesan, avèk gramoun ki pran swen yo pou yo kapab jere dèy yo, aprann talan pou yo konn kòman pou yo fè fas avèk sa, e fè zanmi e konesans avèk moun ki nan chagren menm jan avèk yo. Gras a patenarya avèk rezo Eluna Network la, nou kontan dèské nou entwodui Camp Erin a komunité South Florida a!

Pou ou enskri ou nan Camp Erin, tanpri konplete etap sila yo.

- SOUMÈT YON APLIKASYON POU OU VIN YON KANPÈ:** konplete e soumèt yon aplikasyon kanpè pou chak timoun e voyel bay CampErin@catholichospice.org. Tanpri atache yon kopi kat asirans timoun nan tou (si li aplikab).
- KONPLETE YON ENTÈVYOU AN FANMI:** Aprè yo fin resevwa aplikasyon ou an, yon manm nan staf Camp Erin nan pral kontakte ou pou yo planifye yon entèvyou an fanmi (youn pa fanmi) pou yo ka revize aplikasyon ou e pou ede fanmi ou familyarize avèk pwogram kan nou an. Entèvyou an ap ede nou aprann konnen kanpè potansyèl paw la e pou detèmine si yo pare pou kan an, e si Camp Erin adapte a bezwen yo nan moman sa a.
- PATISIPE NAN YON ORYANTASYON “SAVE YOUR SPOT”:** “Save Your Spot” se yon opòtinite pou ou e pou kanpè ou a pou yo rankontre avèk ekip Camp Erin nou an e lòt kanpè tou, e pou yo aprann konnen ak kisa pou yo atann yo nan kan an. Patisipasyon ou obligatwa e pral konfime plas kanpè ou a nan kan an. Detay you “Save Your Spot” la ap vin jwenn ou apre entèvyou an fanmi ou a.
- PATISIPE NAN KAN AN:** Yon fwa ou fin konplete etap sila yo, sèl etap ki rete se pou kanpè ou an patisipe nan kan an! Apre yo fin patisipe nan Camp Erin pou yon premye fwa, kanpè yo kapab retounen chak ane apre sa.

Si ou gen nenpòt kestyon oubyen ou bezwen èd pou ou konplete aplikasyon an, tanpri kontakte ekip nou an pa telefòn nan **(954) 944-2709** oybyen pa imèl nan CampErin@catholichospice.org.

Sensèman,
Ekip Camp Erin South Florida a

Camp Erin South Florida founi a ou pa Catholic Hospice an Patenarya avèk Eluna Network

14875 NW 77th Avenue #100, Miami Lakes, FL 33014

Sit Wèb: www.camperinsouthflorida.org | Instagram: @CampErinSouthFlorida



CAMPER NAME:

CAMP ERIN SOUTH FLORIDA APPLICATION CHECKLIST

FOR OFFICE USE ONLY:

Date Application Received on: _____

Form/Task -

- Camper Application
- Camper Bereavement History
- Camper Medical Information
- Insurance Cards Attached (if applicable)
- Custody Release Form
- Privacy Release Form
- Eluna Consent Form
- Family Interview
- Education on Measles Provided
- Attended "Save Your Spot"

Staff Initials & Date Completed

| |
|-------|
| _____ |
| _____ |
| _____ |
| _____ |
| _____ |
| _____ |
| _____ |
| _____ |
| _____ |
| _____ |
| _____ |
| _____ |

Additional Comments: _____

Verified by Staff: _____ on _____



NON KANPÈ A:

LIS APLIKASYON CAMPER

Non Konplè Jèn Nan: _____ Non li Prefere: _____

Dat li Fèt (mwa/jou/ane): _____ Laj li: _____ Gwosè Mayo li: _____

Adrès Lapòs Jèn nan (Ri/Vil/Eta/Kòd postal la): _____

Ras/Etnisite (koche TOUT sa ki aplike yo): Nwa/Ameriken Afriken Blan/Kokazyen Ispanik/Latinx
 Azyatik Miltirasyal Yon lòt (tanpri espesifye): _____

Pitit mwen ta dwe plase nan yon kabin konsa (tanpri koche preferans ou): Fi Gason

Èske pitit ou patisipe nan Camp Erin deja? Si wi, nan ki Ane/Lokal: _____ Wi Non

Èske ou te pale avèk pitit ou sou posibilité pou li patisipe nan Camp Erin? Wi Non

Sousi prensipal ou genyen e/oswa kisa ou swete pitit ou pral jwenn yon fwa li patisipe nan Camp Erin: _____

Èske gen nenpòt bagay ke ou ta vle nou konnen ki te ka ede pitit ou gen yon eksperyans ki pozitif nan Camp Erin?

(SÈLMAN POU KAN KI NAN DADE) Tanpri endike si ou pral bezwen asistans avèk transpò. Wi Non

Èske gen moun nan fanmi an ki afilye avèk Militè? Si se wi, Kiyès nan Branch yo? _____ Wi Non

Èske moun ki mouri a trè empòtan nan bay swen a timoun nan? Wi Non

Nan ane ki sot pase a, èske ou menm oubyen nenpòt moun nan fanmi an kalifye pou nenpòt fòm asistans ki soti nan gouvènman an? Wi Non

Ekri Non Paran/Gadyen Legal la: _____ Relasyon li avèk Timoun nan: _____

Imèll (tanpri ekri li klèman): _____

Nimewo Telefòn nan: _____ Pi Bon Lè pou yo rele: _____ OK Pou Tèks? Wi Non

Kontak pou ljans (ki pa Paran/Gadyen Legal la): _____

Relasyon li avèk Timoun nan: _____ Nimewo Telefòn nan: _____

YON FWA KE MWEN SIYEN PI BA A, MWEN SÈTIFYE KE TOUT ENFÒMASYON MWEN FOUNI NAN APLIKASYON SA A VRE, KONPLÈ, E KÒRÈK SELON TOUT KONESANS MWEN E SA MWEN KWÈ. MWEN SÈTIFYE TOU KE MWEN SE PARAN/GADYEN LEGAL TIMOUN KI MANSYONE NAN APLIKASYON SILA, KI SITE KÒM "JÈN"/"TIMOUN" NAN FÒM SILA.

Siyati Paran/Gadyen Legal: _____ Dat: _____

Kòman ou tandé pale de Camp Erin? _____



NON KANPÈ A:

ISTORIK DÈY

TANPRI ENKLI PLIS DETAY KE OU KAPAB METE LÈ WAP REPONN KESTYON SILA YO. NOU KONPRANN KE REPOS OU A KESTYON SA YO KAPAB DIFISIL POU OU; SEPANDAN NOU VLE KAPAB BAY PI BON SWEN KI POSIB A PITIT OU.

Non Konplè Moun Ki Mourir a: _____ **Relasyon li ak timoun nan:** _____

Dat lanmò a _____ **Laj moun nan lè li te mourir** _____

Èske lanmò a te antisipe oswa sibit? _____ **Kòz lanmò a** _____

Tanpri dekri kòman yo te esplike ka lanmò a a timoun nan: _____

Kijan ou dekri tip komunikasyon fanmi ou konsènan lanmò? (Chwazi youn) _____

Fran

Adekwa

Minim

Nou evite li

Pa genyen

Tanpri koche si genyen nan fraz sila yo ki VRE:

Timoun nan te prezan lè lanmò a rive.

Timoun nan pa konprann done yo sou kòz lanmò moun ki mourir a

Timoun nan aktyèlman ap resevwa sipò pwofesyonèl. Si wi, esplike sa: _____

Sa a pa premye eksperians timoun nan avèk lanmò. Si wi, esplike sa: _____

Tanpri endike lòt chanjman /estrès ki nan lavi timoun ou (pa egzanp, maladi, demenajman, divòs, istorik abi, nouvo maryaj, finans, avèk lòt pèt) _____

Tanpri dekri kòman timoun ou an eksprime kijan li pase dèy li. Èske li eksprime li ouvèteman apwopo moun ki mourir a? _____

Reyakson li a Lanmò: (Koche tout konpòtman timoun ou montre apre lanmò yon pwòch li)

- | | | |
|---|--|--|
| <input type="checkbox"/> Rale kòl, izole tèt li | <input type="checkbox"/> Pran Dwòg/Alkòl | <input type="checkbox"/> Li pè _____ |
| <input type="checkbox"/> Depresyon/Tristès | <input type="checkbox"/> Fè ditò/mal a tèt li/lòt moun | <input type="checkbox"/> Kwè ke lanmò a te fòt pal |
| <input type="checkbox"/> Pale/Panse a tiye tèt li | <input type="checkbox"/> Kòlè/Agresivite | <input type="checkbox"/> Kwè ke lanmò se chatiman |
| <input type="checkbox"/> Kochma | <input type="checkbox"/> Crying Spells | <input type="checkbox"/> Anksyete separasyon |

Lòt bagay (tanpri dekri yo): _____

Difilikte avèk: (Ansèkle tout sa ki aplike) Enèji Pwa Prezans li lekòl Estim pou pwòp tèt yo

Dekri pèsonalite timoun ou avèk nenpòt ki bezwen espesyal yo ka genyen (langaj, andikap, e/oswa bezwen konsènan reliyon yo), koutim fanmi an, aspè kiltirèl yo, konpòtman avèk imè ki enkyetan ke nou ta dwe konnen pou pi byen sèvi jèn ou an. _____



FÒM KONSANTMAN POU SWEN MEDIKAL/CHIRIJKAL, TRETMAN DIJANS AVÈK FÒM ENFÒMASYON MEDIKAL

Non Timoun nan: _____ Dat li Fèt: _____

Non Paran/Gadyen an: _____ Relasyon li avèk Timoun nan: _____

Antanke paran/gadyen legal timoun sila a, mwen bay akò konplè mwen a staf oubyen ajan Camp Erin ® yo pou yo asire swen oswa tretman medikal pou menm timoun sa a. Tretman sa a kapab enkli asistans ki soti nan doktè, klinik medikal, lopital, enfimyè ki antrene, Teknisyen Medikal Dijans, oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki pi pwòch yo, nan ka kote ta genyen yon evènman oswa maladi ki ta mande atansyon touswit selon sa ke staf Camp Erin nan detèmine. Inan ka ijans e kote yo pa ta ka kontakte mwen, mwen bay pèmisyon a enstitusyon medikal e/oswa founisè swen sante kap trete mwen yo pou yo bay nenpòt swen medikal ki nesesè pou timoun mwen. Anplis de sa, mwen otorize Camp Erin avèk ajan li yo pou yo divilge nenpòt e tout enfòmasyon ki apwopriye e lè li nesesè pou asire swen ki apwopriye pou pitit mwen. Mwen aksepte ke mwen responsab pou nenpòt swen ke yo bay timoun mwen e mwen ap endemnifye e dechaje Camp Erin pou swen sa yo e frè e depans ki anrapò avèk yo.

Tanpri dekri nepòt twoub sante e/oswa pwoblèm ke pitit ou genyen (pa egzanp, limitasyon fizik, restriksyon dyetetik, itilizasyon linèt pou vizyon (linèt/kontak), istorik medikal ki siyifikatif, e lòt bagay. Si pa genyen, tanpri ekri PA GENYEN / "NONE." _____

Liste tout medikaman (preskripsyon e/oswa san preskripsyon) ke pitit ou pral bezwen pandan li nan kan an:

| Non Medikaman an | Dozaj | Frekans | Doktè ki Preskri li a | Rezon Pouki li Pran li |
|------------------|-------|---------|-----------------------|------------------------|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

TANPRI POTE MEDIKAMAN YO NAN BWAT ORIJINAL YO.

Tanpri liste nepòt alèji (tankou, a manje, medikaman, e tout lòt alèji yo) e endike reyakson li konn genyen yo:

Èske timoun ou an nan swen kay yon Doktè Swen Primè/Pedyat? Wi Non

Non Doktè Swen Primè Timoun nan: _____ Nimewo Telefòn li: _____

Adrès Doktè a: _____

Èske pitit ou Genyen Asirans Medikal: Wi Non *SI WI, TANPRI ATACHE KOPI KAT ASIRANS SANTE A

Non Founisè Asirans Sante a: _____ Nimewo Telefòn li: _____

Non Moun ki gen Polis Asirans la sou non li. _____

Nimewo Polis Asirans la, avek Nimewo Gwoup la: _____

Siyati mèt Asirans la _____ Dat: _____



FÒM DECHAJ GADYEN AN

Non Kanpè a: _____

Dat Nesans Kanpè a: _____

Mwen se paran oswa gadyen legal timoun/kanpè ki ekri sila. Mwen otorize atravè fòm sa a e mwen dirije Camp Erin®, staf li, e/oswa benevòl li yo pou yo remèt timoun/kanpè a bay moun ki gen non yoekri sila pandan e alafen Camp Erin pou facilite transpò oubyen pou pran timoun/kanpè a an chaj:

Non moun kap Otorize a: _____

Adrès (Ri/Vil/Eta/Kòd Postal):

Nimewo Telefòn:

Nimewo Telefòn Selilè:

Imèl:

Si li ta nesesè pou ke timoun mwen kite Camp Erin avan fen pwogram nan, akoz de maladi, blesi, oswa pwoblèm konpòtmantal, e ke yo pa ka rive kontaktem, mwen bay otorizasyon mwen sila pou yo remèt timoun mwen nan men moun ke mwen idantifye sila nan fòm nan pi wo. Mwen konprann ke Camp Erin kapab egzije ke mwen founi yo pyès idantite avèk foto nan men nenpòt moun ki vin chèche timoun/kanpè a nan Camp Erin, ki enki mwen menm tou.

Atravè fòm sila, mwen dechaje Camp Erin, staf li, benevòl e reprezantan li yo de responsabilite ke yo remèt timoun nan bay moun sa a ki idantifye pi wo a.

Mwen konprann e mwen agreeye ke, nan ka kote gen nesesite pou swen sante avèk lòt ijans, Camp Erin kapab remèt timoun mwen bay pwofesyonèl swen sante oswa lòt pèsonèl ki apwopriye.

Mwen li e mwen konprann fòm sa a annantye, e mwen aksepte ke mwen gen obligasyon legal suivan kondisyon deklarasyon sa a

Siyati Paran/Gadyen an

Dat



CATHOLIC HOSPICE, INC. DEKLARASYON SOU KONFIDANSYALITE

Antanke moun ki siyen fòm sa a, Mwen se gadyen _____ e, mwen konsanti pou mwen patisipe volontèman e mwen bay otorizasyon mwen pou ke timoun mwen parèt nan foto e/oswa nan entèvyou ki konsène Camp Erin® avèk aktivite li yo.

Mwen Konsanti pou yo itilize materyèl sila yo nan nenpòt ki fòm medya (piblikasyon, radyo, televizyon oswa entènèt). Mwen konprann tou ke idantite mwen kapab revele an koneksyon avèk foto yo e/oswa entèvyou yo.

Mwen dechaje atravè fòm sila Catholic Hospice, Catholic Health Services e Archdiocese of Miami, ajan e anplwaye li yo de tout responsabilite anrapò avèk tout sa ki ekri pi wo a. Mwen renonse a nenpòt dwa mwen genyen pou mwen enspekte oubyen apwouve pwodui fini a, reklam ki konsène li, oubyen lòt kopi ke yo kapab itilize anrapò avèk sa ki ekri pi wo a.

A travè fòm sila mwen konsanti a kondisyon sila yo, san ekspektativ oubyen reminerasyon a mwen menm kounye oubyen apre. Akò sa a obligatwa pa rapò a eritye mwen, reprezantan pèsonèl mwen e moun mwen deziyen.

Non ekri an lèt detache/Paran oswa gadyen legal

Non ekri an lèt detache/Rep. Katolik Hospice

Siyati

Siyati

Dat

Dat